

Kesyon yo poze souvan sou Distribisyon Abitraj Salè ak Èdtan 1199 yo

1. Poukisa 1199SEIU te depoze yon doleyans konsènan salè yo epi konsènan kisa abitraj la te ye?

An 2019, sendika rejyon 1199 te pote plent nan yon fason kolektif kont karannde (42) ajans ki bay swen adomisil nan non manm aktyèl ak ansyen manm sendika rejyon 1199 reprezante yo. Doleyans lan te depoze paske sendika rejyon 1199 te kwè patwon yo te vyole CBA yo a ak lwa Eta ak federal sou salè ak èdtan paske yo pa toujou peye pou poz pou somèy ak lè repa yo pou ka 24 èdtan yo, paske yo pa peye pou lè siplemantè yo dapre lwa federal ant janvyè 2015 ak oktòb 2015, epi paske yo pa peye tan deplasman anvan 2015. Dapre CBA an, doleyans lan te ale nan medyasyon epi apresya nan abitraj. Dapre CBA an, Abit la te oblije aplike lwa Eta ak lwa federal yo.

An fevriye 2022, Abit la te bay yon Desizyon ki te konstate tout karannde patwon yo te vyole divès lwa nan yon sèten degre epi li te prevwa kreyasyon yon Fon Salè Espesyal patwon yo te dwe finanse.

Si w gen kesyon jeneral sou abitraj la, gade nan seksyon anvan ki gen Kesyon moun poze souvan yo [isi a](#).

2. Kiyès ki pral resevwa yon chèk?

Travayè aktyèl ak ansyen travayè swen adomisil yo ki te travay pou youn nan 42 ajans annapre la yo epi ki te soumèt yon fòmilè reklamasyon atan bay Arden Claims pral resevwa yon chèk.

ABC Health Service Registry, AccentCare of NY, Inc., Alliance for Health, Alliance Home Services, Azor Home Care, Bronx Jewish Community Council Home Attendant Services, Bushwick Stuyvesant Heights Home Attendant, CABS Home Care, Care at Home, Chinese-American Planning Council Home Attendant Program, Inc., CIDNY, Cooperative Home Care, Family Home Care Services of Brooklyn and Queens, FEGS Home Care, First Chinese Presbyterian CAHA, Home Care Services For Independent Living, Home Health Management, New York Foundation for Senior Citizens Home Attendant, Partners in Care, Personal Touch Home Care of N.Y., Personal Touch Home Care of Long Island, Personal Touch Home Care of Westchester, People Care, Inc., Premier Home Health Care, Prestige Home Attendant ki fonksyonnen avèk non All Season, Prestige Home Care, Priority Home Care, PSC Community Services, Inc., RAIN Home Attendant Services, Inc., Region Care, Richmond Home Needs, RiseBoro Homecare, Inc., Riverspring Licensed Home Care Agency, Rockaway Home Attendant, Saint Nicholas Human Support Corp., School Settlement Home Attendant Corp., Special Touch Home Care Services, Inc., Stella Orton Home Care, Sunnyside Home Care Project, Sunnyside Citywide Home Care, United Jewish Council of the East Side Home Attendant Services, Wartburg – No Place Like Home Care

3. Ki kote yo pral poste chèk yo?

Yo pral poste chèk yo nan adrès ou te bay nan fòmilè reklamasyon ou an (oswa yon adrès modifiye si ou te bay Arden Claims youn).

4. Mwen te bwote al rete yon lòt kote depi apre m te fin soumèt yon fòmilè reklamasyon. Èske mwen dwe modifiye adrès mwen?

Wi, ou dwe modifiye adrès ou nan Arden Claims; pou fè sa, rele yo nan 866-226-2425 oswa voye adrès ou ba yo nan yon imèl nan hhca1199info@ardenclaims.com.

5. Kòman yo te detèmine montan chèk mwen an?

Yo te detèmine montan chèk ou an ak fòmilè Abit la te etabli.

Fòmil la baze sou kantite èdtan ou te travay epi kantite woulman 24 èdtan ou te travay.

Pifò lajan ki nan Fon Salè Espesyal la pral distribye bay travayè ki te travay woulman 24 èdtan oswa woulman dòmni leve.

Travayè ki te resevwa pi gwo montan yo te travay woulman 24 èdtan. Travayè ki te resevwa peman minimòm \$10 yo te travay kèk grenn èdtan pandan peryòd tan an.

6. Poukisa mwen te resevwa plis pase yon sèl chèk?

Si ou te travay pou plis pase yon sèl ajans 1199 ki kouvri ak Arbitraj la, w ap resevwa yon chèk pou chak ajans ou te travay pou li.

7. Èske yo pral pran taks sou chèk mwen an?

Wi. Tout revni taksab.

W ap resevwa yon souch peman avèk chèk ou an ki montre ki taks yo te pran.

8. Poukisa mwen pa te jwenn plis lajan?

Yo te detèmine montan ou te resevwa a ak fòmil Abit la te òdone.

Yo te distribye apeprè \$34 milyon antou bay apeprè 57,000 ansyen ak aktyèl anplwaye swen adomisil nan 42 ajans 1199 reprezante.

Nan total la, apeprè \$20 milyon te al jwenn travayè ki te travay pou ka 24 èdtan, ki reprezante 5-7% nan travayè yo. Yo te distribye apeprè \$14 milyon bay tout 57,000 travayè ki te depoze reklamasyon yo, sa gen ladan l moun ki te travay woulman 24 èdtan yo.

9. Konbyen lajan moun ap jwenn?

Montan chèk yo varye paske kantite lajan ou resevwa a baze sou kantite èdtan ou te travay epi kantite woulman 24 èdtan ou te travay.

Pi gwo chèk yo se apeprè \$18,000. Chèk minimòm lan se \$10.

10. Poukisa mwen te resevwa \$10 sèlman?

Si ou te resevwa peman minimòm \$10 a, ou te travay mwens pase apeprè 300 èdtan pandan peryòd ki konsène a.

11. Mwen gen kesyon toujou sou chèk mwen te resevwa a.

Tanpri rele liy asistans pou swen adomisil la nan 212-857-4306 epi kite non w, nimewo telefòn ou ak ajans ou. Yon moun ap retounen w apèl la pou reponn kesyon ou yo.

12. Mwen gen plis kesyon sou fason yo te kreye Fon Salè Espesyal la oswa ka arbitraj Sendika a.

Yo te reponn kesyon ou an pwobableman nan premye seri Kesyon yo poze souvan yo [isi a](#). Si w pa wè yon repons pou kesyon w lan [la a](#), tanpri rele òganizatè w lan oswa liy asistans swen adomisil la pou w jwenn èd nan

212-857-4306. Sonje pou w kite non w, nimewo telefòn ou, ak ajans kote w ap travay/ou te travay la epi yon moun ap retounen w apèl la.

13. Kisa pou m fè si m poko resevwa chèk mwen an anvan 30 avril 2023?

Arden Claims pral kòmanse poste chèk yo nan dat 10 avril 2023. Kourye a pral pran plizyè jou, kidonk sa ka pran jiska 10 jou pou w resevwa chèk ou an. Si ou poko resevwa chèk ou an, tanpri pa rele Arden anvan 30 avril 2023.